



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU PWOSE NRA KONT NEW YORK LA

“Pwosè Asosiyasyon Nasyonal Fizi a (National Rifle Association, NRA) se yon atanta an ven ak dezespere pou fè vanse ajanda danjre yo a pou yo ka vann plis zam.

Nan New York, nou pap kite pouswit lajistis frivòl sa yo entimide nou, lè yo soti nan yon gwoup lobiyis ki vle retire tikras pa tikras lwa sou sekirite zam bon sans yo ke anpil pwopriyetè zam responsab yo aktyèlman sipòte yo, a tou pri. Nou gen yon obligasyon pou nou pwoteje Nouyòkè yo, epi pwosè fo sanblan sa a pa pral fè anyen pou anpeche sa.

Pandan NRA ap inyore elèv toupatou atravè nasyon an k ap di sètase yo, New York ap trase chemen an avèk lwa sou sekirite zam ki pi sevè ak pi entèlijan nan peyi a. Mwen fyè dèske NRA ban m nòt ‘F’, e m ap kontinye fè tout sa mwen kapab pou m pwoteje Nouyòkè yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)